*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№70 (26522)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 22 апрель – хуымгæнæны мæйы 22 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕДЕРАЛОН ÆМВÆЗАДЫЛ
*Культурон бынтæ бахъахъхъæнын*

3 УÆЛАХИЗЫ БОНМÆ
*Фидараты хæстонтæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

**Æмбырд**

# Ныхас – хъазахъхъæгты æхсæнадыл



**Æппæтуæрæсеон хъазахъхъаг æхсæнады атаман, хъазахъхъаг инæлар Виталий КУЗНЕЦОВ амыдта Дзæуджыхъæуы Терчы хъазахъхъаг æфсæддон æхсæнады атаманты советы æмбырд. Архайдта дзы Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Минæвærттæн æгасцуат зæгъгæйæ, нæ республикæйы разамонæг куыд бафиппайдта, афтæмæй, уæрæсейаг паддзахады æнæуаргæ хайыл нымад уæвгæйæ, хъазахъхъæгтæ рагæй дæр Райгуырæн бæстæ хъæбатырæй хъахъхъæдтой æмæ ныр дæр, сæрмагонд æфсæддон операци æххæст кæныны рæстæг, намысджын хæстон æгъдæуттæ кадимæ дарддæр хæццæ кæнынц.

Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, арф историон уидæгтæ цы цæгатирыстойнаг хъазахъхъаг æхсæнадæн ис, уый нырыккон уавæрты дарддæр рæзы. Арæзт æрцыд Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы цур хъазахъхъæгты хъуыддæгты фæдыл кусæг къорд, сфидар кодтой Уæрæсейаг хъазахъхъæгтæм арæзт паддзахадон политикæйы райрæзты стратеги æххæст кæныны фæдыл мадзæлтты пълан.

– Цæгат Ирыстоны архайы Терчы хъазахъхъаг æфсæддон æхсæнадмæ хауæг Алайнаг республикон зылды хъазахъхъаг æхсæнад. Ацы иугондмæ хауæг дыууын фондз хъазахъхъаг æхсæнады уæнгты иумæйаг нымæц у чысыл хъуагæй мин фондзсæдæ адæймаджы (уыдон сты алыхуызон адæмыхæттыты минæвærттæ). Республикæйы хъазахъхъæгтæ архайынц паддзахадон арæн хъахъхъæныны, æнæнхъæлæджы уавæртæй бахизыны æмæ сæ иуварс кæныны, зынгсирвæзтыты ныхмæ æдасдзинадæн фадæттæ саразыны æмæ æндæр дзыллон мадзæлтты. Сæрмагонд æфсæддон операци цы бон райдыдта, уыцы бонæй фæстæмæ алыхуызон дæлхайæдтæм хауæг республикæйы хъазахъхъаг æхсæнæдты уæнгтæ Райгуырæн бæстæ хъахъхъæныны хъуыддаджы архайынц разæнгардæй. Æрæджы рахастон æххæстгæнæг хицаудзинады ног оргæн – Хæстон архæйдтыты ветеранты æмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты хъуыддæгты фæдыл комитет саразыны тыххæй уынаффæ. Хъазахъхъæгты фарстаты фæдыл куыст нымад уыдзæн ацы комитеты архайды хицæн къабазыл, – загъта Сергей Меняйло.

Республикæйы Сæргълæууæг уæлдай фылдæр æргом аздæхта Цæгат Ирыстоны æхсæнадон царды архайынмæ хъазахъхъæгты æрбаздахыны фарстамæ.

– Горæтгæрон, Мæздæджы æмæ Дыгуры районты архайынц фондз хъазахъхъаг кадетон къласы. Нæ республикæйы цалдæр хъазахъхъаг цæрæн бынаты кæй ис, уый нымайгæйæ, уæвæн ис, æмæ амынд нывыл карст кълæсты нымæц фæфылдæр уыдзæн. Профилон ахуырады ацы къабаз фæуæрæх кæнæн куыд ис, ууыл иумæ ахъуыды кæнæм. Уымæй уæлдай, Цæгат Ирыстоны ахуыргæнæндæтты сарæзтам æфсæддон-патриотон куыстæй директорты уынаффæгæнджыты куысты ног бынæттæ. Нæ зæрды ис афæдзы кæронмæ ацы проект æппæт ахуыргæнæндæттæм бахæццæ кæнын. Хъазахъхъæгтæн фæдзæхсын ацы куыст æххæст кæнын райдайын. Нæ хæс у хъазахъхъæгты мидисджын культурон бынтæ æмæ æгъдæуттæ бахъахъхъæнын. Мах – хицаудзинады оргæнтæ – ацы хъуыддаджы дæр æппæтвæрсыг æххуыс бакæнынмæ цæттæ стæм, – загъта Сергей Меняйло.

Виталий Кузнецов хъазахъхъæгты æхсæнæдтæн æххуыс кæныны тыххæй Сергей Меняйлойæн бузныг загъта æмæ йын ратта «Уæрæсейаг хъазахъхъæгты райрæзтмæ стыр æвæрæн бахæссыны тыххæй» Æппæтуæрæсеон хъазахъхъаг æхсæнады майдан.

Атаманты советы æмбырды ныхас цыд организацион фарстатыл дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Парламенты Советæй**

# Размæцыды гæнæнтæ

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Советы радон æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Депутаттæ равзæрстой æмæ æрныхас кодтой республикæйы социалон-экономикон æмæ æхсæнадон-политикон цардимæ баст республикон закъонты проекттыл æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристыл.

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы территорийыл лæвар юридикон æххуыс кæныны тыххæй» Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы дыууæ закъоны проекты æркæсынмæ рахаста Парламенты закъонæвæрынады, закъонад æмæ бынæттон хиуынаффæйады комитеты сæрдар **Черчесты Аслан**. Дыууæ документы фылдæр кæнынц, лæвар юридикон æххуыс кæмæн æмбæлы, адæмы уыцы къордты номхыгъд. Нырæй фæстæмæ уыцы номхыгъдмæ хаст цæудзысты, сæрмагонд æфсæддон операцийы æбæрæгæй сæфтыл нымад чи æрцыд, уыдоны бинонтæ, террористон фыдракæндты хъыгдард баййафджытæ, стæй, æвæндонæй йæ цæрæнбынат чи ныууагъта æмæ чи ралыгъд, уыдон.

Черчесты Аслан ма ныхас кодта «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы паддзахадон хæрзиуджыты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проектыл. Документы куыд загъд ис, афтæмæй республикæйы фæзындзæн ног паддзахадон хæрзиуæг «РЦИ-Аланийы сгуыхт зондамонæг». Хорзæхджын дзы кæндзысты, ахуырады къабазы архайгæйæ, ахуыргæнинæгты патриотон миниуджытыл æфтауынæн æмæ фидæны патриоттæ хъомыл кæнынæн йæ цард чи снывонд кодта, ахæм педагогты æмæ хъомылгæнджыты.

Советы уæнгтæ байхъуыстой «2024-2025 азты Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы амалхъомты бартæ хъахъхъæныны фæдыл Æххæстбарджыны архайды тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы амалхъомты бартæ хъахъхъæныны фæдыл Æххæстбарджын **Кучиты Зауыры** раныхасмæ. Куыд загъта, афтæмæй фæстаг дыууæ азмæ амалхъомадон архайд кæнын ссис зындæр хъуыддаг. Аххосаг – коммуналон тарифты рæзт, кредитон-финансон политикæйы карздзинад, бæрзонд хъалонтæ æмæ æндæртæ. Уæлдай тынгдæр, йæ ныхасмæ гæсгæ, амалхъомты тыхсын кæны бизнесæн зæххы хæйттæ дæттыны кæнæ сæ нæ дæттыны фарста. «Фæлæ уæддæр уыцы уавæрты дæр цæгатирыстойнаг бизнес рæзы. Афтæ, ивгъуыд аз республикæйы уыд 20 657 амалхъомгæнæг иуæджы. Раздæры азимæ абаргæйæ, сæ нымæц фæфылдæр 8,8 проценты. Хигуыстгæнæг адæймæгты нымæц дæр фæфылдæр æмæ, фароны азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, уыд 67 239 адæймаджы», – загъта раныхасгæнæг.

Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты промышленносты, транспорты, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Мурат**. Депутат æрдзырдта, паддзахадон æххуысы мадзæлттыл æмæ сæ закъонæвæрынадон бындурыл нывылдæр кæныны фæрæзтыл.

Раныхæсты фæдыл йæ хъуыдытæ загъта Парламенты бюджеты, хъалонты, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег.** Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймуразмæ æмæ Парламенты Сæрдары хæдивæг **Ортабайты Тимурмæ**.

Парламенты Сæрдар, амалхъомадон архайды ахсджиагдзинад бафиппайгæйæ, загъта, амалхъомтæн æххуысы фæрæзтæ республикæйы кæй ис, уый. «Зæрдæдарæнты фонд, Микрофинансты фонд, Амалхъомадон архайдæн æххуысы фонд – се 'ппæт дæр сты бизнесæн размæцыды гæнæнтæ», – загъта Тускъаты Таймураз.



Амалхъомтæн закъонæвæрынадон паддзахадон æххуысы фæрæзтыл ныхас цæуы «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы амалхъомадон архайд кæныны бæрнондзинады тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы закъоны проекты дæр. Депутаттæн æй æркæсынмæ бавдыста Киситы Мурат.

Советы уæнгтæ ма цы закъонты проекттæ æмæ закъонæвæрынадон хъæппæристæ равзæрстой, уыдоны фæдыл ныхас кодтой Парламенты Сæрдары хæдивæг **Гутнаты Аслæнбег,** профилон комитетты сæрдартæ Хæдарцаты Аслæнбег, **Качараты Олег, Остъаты Георги** æмæ **Елена Князева.**

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ, къам систа Татьяна ШЕХОДАНОВА**

**Регионалон программæ**

# «Æхсарджын Ирыстон»

**Цæгат Ирыстоны дарддæр æххæстгонд цæуы республикон программæ «Æхсарджын Ирыстон». Ныр йæ тыхы бацыд программæйы цыппæрæм къæпхæн. Кадджын уавæры йæ байгом кодта æмæ йæ архайджытæн арфæ ракодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæдивæг Александр РЕУТОВ.**



– Программæ «Æхсарджын Ирыстон» у бæрнон проект. Йæ сæйраг хæс у, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыдон æмæ ветеранты бацæттæ кæнын, цæмæй сабыр царды рæстæг сæ бон уа профессионалон æгъдауæй разамынд дæттын царды алы къабазы дæр: промышленность, социалон æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабæзты. Мæ бон зæгъын нæу, цас æнтыстджын рауайдзæн нæ программæ. Уый сбæрæг кæндзысты, семæ цы профессионалтæ кусынц, уыдон. Абон райдыдта программæйы кæронбæттæны цыппæрæм хай. Дарддæр сæм æнхъæлмæ кæсынц фæлварæнтæ æмæ дипломон куыстытæ. Уыдон уыдзысты сæ зонындзинæдты бæрæггæнæнтæ, – загъта Александр Реутов.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, программæйы нысан кæй у сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ ветерантæй бацæттæ кæнын, бæрзонд профессионалон дæсныйад чи райсдзæн, ахæм разамонджытæ. Уый тыххæй сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ ветерантæй равзæрстой 32 адæймаджы. Афæдзы дæргъы семæ цыдис куыст. Цы программæмæ гæсгæ ахуыр кодтой, уый бацæттæ кодтой Уæрæсейы Адæмон хæдзарады академийы Паддзахадон разамынды уæлдæр скъола æмæ паддзахадон службæ, АНО «Россия – страна возможностей». Уымæй уæлдай семæ куыстой нæ республикæйы æппæт министрадтæ æмæ районты разамонджытæ дæр. Ныр сæ бон уыдзæн паддзахадон хицаудзинад æмæ бынæттон хиуынаффæйады оргæнты, Цæгат Ирыстоны æхсæнадон æмæ æндæр организациты кусын.



РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** программæ куы байгом кодта, уæд афтæ загъта: «Сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ хъуамæ æнкъарой паддзахады æххуыс æмæ сабыр царды рæстæг дæр сæ бон уа пайда æрхæссын нæ бæстæ æмæ йæ адæмæн. Нæ хъæбатыртæ алы бон дæр стыр сгуыхтдзинæдтæ æвдисынц тохы быдыры. Ныхасæй нæ, фæлæ хъуыддагæй æвдисынц, цы у патриотизм, цæттæ сты Уæрæсейы адæмты сæраппонд цавæрфæнды зындзинæдтæм дæр. Ахæм адæм хъæуынц алы къабазы дæр. Уыдон нæ никуы фæсайдзысты! Уыдон сты нæ ныфс!»

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

### Дзырды фарн

*Кæмдæриддæр уон –*
*æз кæндзынæн мæхи æгъдау.*

*КОЦОЙТЫ Арсен*

Федералон æмвæзадыл

# Культурон бынтæ бахъахъхъæнын

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис видеобастдзинады руаджы бацархайдта, сæ уавæр бынтон хорз кæмæн нæу, уыцы федералон культурон бынтæ бахъахъхъæныны федералон æмбырды. Цæгат Ирыстонæй ма дзы архайдта Культурон бынтæ бахъахъхъæныны, спайда сæ кæныны комитеты сæрдар ГÆЛУАТЫ Ацæмæз.**

Ныхас рауад горæт Владимиры, æмбырд конд æрцыд Федерацийы Советы Сæрдар **Валентинæ Матвиенкойы** амынддзинадæй. Ацы ахсджиаг ныхас амыдта Федерацийы Советы экономикон политикæйы комитеты сæрдар **Андрей Кутелов**. Рæгъмæ рахастæуыд федералон культурон бынтæ бахъахъхъæныны нысанæн æнæбюджетон фæрæзтæ ссарыны, ведомствæты 'хсæн æмгуыстады, историон цыртдзæвæнтыл фыццаградон куыстытæ райдайыны фарстатæ.



Андрей Кутеловы ныхасмæ гæсгæ, ацы хъуыддаджы ахадгæ фæрæзтæ кæрæдзийæн амонын у хорз фæлтæрддзинад, уæдæ регионтæ дæр сты æнтыстджын практикæты хицау. Сенаторы загъдау, иугæр хицæн адæймаджы бафæндыд кæцыдæр историон цыртдзæвæнмæ базилын, банывыл æй кæнын, уæд ын уыцы архайдæн æппæт фадæттæ дæр хъæуы саразын.

«Ацы ран цавæрдæр бюрократон цæлхдуртæн бынат нæй, хъуамæ хъуыддаг дзæбæх бантыса», – фæбæрæг кодта Федерацийы Советы сенатор. Уæрæсейы культурæйы министры хæдивæг **Владимир Осинцев** куыд радзырдта, уымæ гæсгæ 2026 азæй 2028 азмæ хъуамæ базилой 348 объектмæ, сæ иумæйаг аргъ 56,3 миллиард сомы, афтæмæй.

Ацы фембæлды кæронбæттæн Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Цæгат Ирыстон у историон æмæ культурон цыртдзæвæнты егъау æмбырдгонды регион. Ныртæккæ уæрæсейаг адæмты культурон бынты объекттæй иумæйаг хыгъды сты Цæгат Ирыстоны æрбынæттон уæвæг 737.

Дзанайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, историон æмæ архитектурон цыртдзæвæнтæ бахъахъхъæнын у паддзахадон ахсджиагдæр хæстæй иу. «Культурон бынтæ бахъахъхъæныны, спайда сæ кæныны комитет 2024-2025 азты федералон центрмæ арвыста федералон ахадындзинадимæ 26 культурон объекты консерваци скæныны курдиат. Нырмæ дзы дыууæ объектыл куыст кæронмæ фæхæццæ кæны, сæ иу ис Æрæфы районы Фæсналы, иннæ – Уæлладжыры комы Дæллагхъæуы. А уалдзæг бавналдзысты Лисрийы аргъуан цалцæг кæнынмæ. Æппæт ацы хъуыддæгтæм тынг лæмбынæг у РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**», – загъта Хицауады Сæрдар.

Федералон ахадындзинадимæ культурон бынтæ бахъахъхъæныны тыххæй сæ хъуыдытæ рæгъмæ рахастой номдзыд, бæрнон адæм: **Екатеринæ Алтабаева, Игорь Тресков, Евгений Дитрих, Михаил Борщев, Андрей Шохин** æмæ иннæтæ.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Фыссынц «Рæстдзинад»-мæ

# Нæ хъаст ма кæдæм фæхæссæм?

**Нæ уарзон газет «Рæстдзинад»-ы кусджытæ – уæ бонтæ хорз! Фæрниаты Раяйы загъдау – цæй амонддзын стæм мах, ахæм «Рæстдзинад» нын кæй ис, уымæй. Адæймаг йæ циндзинад дæр дæуæн радзуры, уæдæ йæ хъаст, йæ маст дæр дарддæр кæмæн радзура, уый куы нал вæййы, уæд та йæ фæстаг ныфсæн «Рæстдзинад»-мæ бахæссы.**

Цæвиттон мах – иу къорд адæймаджы сфæнд кодтам нæ царды уавæртæ фæхуыздæр кæнын, нæ фатертæ ногдæртæй, парахатдæртæй раивын æмæ 2011 азы бафыстам æхца. Хæдзар хъуамæ сцæттæ уыдаид 2014 азы, фæлæ нын уæд фехъусын кодтой: араздзытæ, дам, фæкъуыввитт сты – хæдзар æрдæгкондæй баззад. Алырдæм хъаст кодтам, зылдыстæм, суанг Мæскуымæ дæр ахæццæ нæ хъаст.

Стыр бузныг нæ хицауадæн, райста нын нæ хæдзар йæхимæ æмæ 2024 азы сцæттæ, раттой нын дæгъæлтæ æмæ алчи цалцæг кæнын райдыдта. Чи куыд цæттæ кæны, афтæ лидзын байдыдтам нæ фатертæм цыппæрдæс азы фæстæ. Фæлæ мæнæ ног бæллæх: хæдзар ис Тогойы-фырты уынджы Терчы был, йæ тæккæ бацæуæны ис зæронд кæлæддзаг хæдзар. Кæддæр, дам, дзы уыдис ремонтгæнæн цехтæ – «жестянщиктæ» дзы куыстой. Фæлæ дзы рагæйдæр ницыуал ис.

Æхсæв дзы фæхуыссынц «бомж»-тæ, наркомантæ дзы æмбырд кæнынц. Изæры йæ цурты тынг зын у цæуын, уæлдайдæр сывæллæттæн, иунæгæй сын нæй уадзæн. 2025 азы ноябры нæ хъаст бахастам горæты сæргълæууæг Милдзыхты Вячеславмæ. Фæлæ уый махмæ кæм æвдæлы, арвыста нын нæ хъаст Михаил Шаталовмæ, уый та горæты советы сæрдар у. Уый дæр нæ равдæлд махмæ, арвыста нæ Мамсыры-фыртмæ, уый та йæ йæ хæсмæ гæсгæ – Дзанайы-фырты уынджы куыстуатмæ.

Афтæ æнæ дзуаппæй æнхъæлмæ кæсæм. Иудадзыгдæр «Рæстдзинад»-ы газеты бакæсæм: «нæ горæт, Терчы былгæрæттæ аив кæнæм» – цымæ Терчы былгæрон ацы дыууæ рæсугъд дæсуæладзыгон хæдзары тæккæ бацæуæны уыцы кæлæддзаг, зæронд хæдзар ничи уыны, æви æппындæр уыцы аивгæнджытæй никæй хъыгдарынц?

Йæ фарсмæ ис спорткомплексы бæстыхай, бон-изæрмæ сывæллæттæ цæуынц уырдæм, фæстæмæ здæхынц талынджы, сæ фæндаг та уыцы хæдзары цурты, алчидæр тæрсы йæ сывæллонæн. Уæдæ сын цалдæр хатты сæ хуыссæнуæттæ дæр ракалдтам, фæлæ та сæ фæстæмæ æрбахæссынц. Уыцы зæхх чи балхæдта, уый, дам, цæры Мæскуыйы, чи у уый, дам, зæгъгæ нæу...

Æвæццæгæн та иу «мæгуыр лæг» у æмæ цы бакæна? Фæлæ махæн та цы кæнгæ у, цыппæрдæс азы цы фатертæм фенхъæлмæ кастыстæм, уырдæм нæ бон æдæрсгæ бацæуын куы нæ у, уæд? Кæдæм ма фæхæссæм нæ хъаст?

**Тогойы-фырты уынджы 22-æм хæдзары, 1-æм корпусы цæрджытæ: Хуыгаты, Казаковты, Ходы, Батиаты, Ходы, Тъуриты, Дзиуаты, Бæдтиаты, Рамонаты, Бекъойты, Бабушеваты бинонтæ**

Партион архайд

# Ног программæ – фæндæттæ



**Æппæт бæстæйæ политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы ног Адæмон программæмæ бафтыд 240 мин фæндонæй фылдæр.**

Ацы фæндæттыл куыд кусынц, уый тыххæй ныхас цыд партийы Экспертон советы æмбырды рæстæг.

– Ног Адæмон программæйыл кусгæйæ, æвзарджыты интерестæ æмæ бæстæйы экономикæйы фадæттæ нымайæм. Ног программæмæ онлайн уагæй бафтыд 130 мин фæндоны. Фæндæттæ æмбырд кæнæм сайт «естьрезультат.рф»-йы. Æппæт фæндæттæ уæрст сты фондз хайадыл. Фыццаг хайад – «Дунейы æппæтæй стырдæр бæстæйы арæзт». Ныртæккæ ацы хайады чи ис, уыцы цыппор цыппар мин фæндоны бар дарынц медицинæйы, ахуырады, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, экологи æмæ удæнцой фадæттæ арæзтады къабæзтæм.

Дыккаг хайад бар дары фæллойы æнтысындзинад æмæ кадртæм. Фæллойы æнтысындзинад фæуæлдæр кæныныл, авналæнтæ фæстауæрц кæныныл æмæ специалистты цæттæ кæныныл ныхас кæм цæуы, ацы хайадмæ æрбафтыд æртын мин ахæм фæндоны. Культурæйы къабазмæ æрбафтыд дыууын цыппар мин фæндоны. Ацы къабазмæ хауынц патриотон хъомылады, аивады, фæсивæдон политикæ æмæ фыдыбæстон хæзнаты хъахъхъæнынады фарстатæ. Дыууын æртæ мин фæндоны бар дарынц хайад «Демографон æууæл»-мæ. Ацы хайады ныхас цæуы гуырынады, сывæллонджын бинонтæн æххуыс æмæ царды дæргъвæтиндзинады фарстатыл.

Адæм стыр æргом здахынц бæстæйы æдасдзинадæн фадæттæ аразыны хъуыддагмæ. Ацы хайадмæ æрбафтыд дыууадæс мин фæндоны. Бæстæйы хъахъхъæнынады къæпхæн уæлдæр чи кæны, ныхас цæуы куыстады ахæм ног технологиты райрæзтыл, – загъта «Иугонд «Уæрæсе»-йы сæрдар **Дмитрий Медведев**.

Партийы ног Адæмон программæйы æппæт хайæдтæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуыс нымайынц ахсджиаг хъуыддагыл. Хицауы бынатахсæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, амынд хайад партийы архайæг адæмон программæйы фæзынд æндæразы кæрон. Парти ацы хъуыддаг дарддæр æххæст кæны.

– Архайæг программæйы фæдыл дзуапп раттынæн æмæ ног программæмæ фæндæттæ æмбырд кæнынæн парти сарæзта 43 регионалон æмæ æртæ зылдон æмбырды. Æмбырдты архайджытæ эксперттæй æрбафтæг фæндæттыл æрныхас кодтой, стæй Хицауады уæнгты 'рдыгæй уайдзæфтæм байхъуыстой. Быцæуныхасы фæрцы æнæхиндзинад раргом вæййы. Æвзарджытæ ног уынаффætæм æнхъæлмæ кæсынц. Æвзæрстытæм кæимæ ацæудзыстæм æмæ æппæтадæмон фæндæтты кæдæм æмбырд кæнæм, уыцы ног Адæмон программæ хъуыддæгтæ бæлвырдæй кæй æвдисдзæн, ууыл зæрдæ дарын, – зæгъы партийы Генсоветы нымæрдар **Владимир Якушев**.

– Ног Адæмон программæ барвитинаг фæндæттыл кæм бакуыстам, мартъийы кæрон ахæм регионалон æмбырд «Бæрæггæнæн ис»! сарæзтам. Цæгатирыстойнæгтæ сæ фæндæттæ сæрмагонд сайты дæр ныууадзынц. Ацы фæндæттæ арæхдæр бар дарынц сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуыс æмæ царды нывыл уавæртæ саразыны хъуыддæгтæм (ныхас цæуы территоритæ аив кæныны, ног социалон объекттæ аразыны, стæй ахуырад æмæ æнæниздзинад хъахъхъæнынады архайæг кусæндæттæ бындуронæй цалцæг кæныны фарстатыл). Æппæт æрбафтæг фæндæттæ биноныг равзарæм æмæ ног программон документ аразыны рæстæг сæ банымайдзыстæм, – зæгъы партийы цæгатирыстойнаг хайады нымæрдары хæдивæг **Едзойты Марат**.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: 19 февралы Екатеринбурджы арæзт партийы фыццаг зылдон дзуапдæттæн-программон æмбырд «Бæрæггæнæн ис»-ы ныхас кæнгæйæ, партийы сæрдар Дмитрий Медведев куыд фехъусын кодта, афтæмæй «Иугонд Уæрæсе»-йы ног Адæмон программæмæ фæндæттæ æмбырд кæнын райдыдтой. Парти æмбырдтæ æппæт федералон зылдты аразы. «Иугонд Уæрæсе»-йы Адæмон программæ куыд æххæст кæнынц, æмбырдты рæстæг Хицауады уæнгтæн уый тыххæй хабæрттæ радзурынц.

**САНАТЫ Альбинæ**

Медицинон къæлиндар

# Уæ туг рынчынæн ма бавгъау кæнут

**Тугдæттæджы дунеон бон бæрæг кæныны ахсджиаг уынаффæ рахастой æртæ организацийы – Сырх Дзуары æхсæнадты дунеон федераци, Тугдæтджыты организациты дунеон федераци æмæ Туг иу адæймагæй иннæмæ бауадзыны дунеон æхсæнад.**

Дохтыртæ раджы бафиппайдтой – туг дзæвгар рæстæг чи дætты, уыдонæн грипп æмæ алыхуызон ОРВИ-тæй фæрынчынæй тæссаг кæй нæу. Уыдон тынг стæм хатт рынчын кæнынц онкологон, стæй зæрдæ æмæ дадзинты низтæй. Туг дæттын пайда у адæймагæн йæ психикон æнæниздзинадæн дæр.

Тугдæттæджы дунеон бон уæлдай арфæты аккаг сты, барвæндонæй йæ туг чи дæтты, рынчынтæн æй чи не 'вгъау кæны æмæ уый тыххæй хæрзиуджытæм чи не 'нхъæлмæ кæсы, туг иудадзыг (афæдзмæ дыууæ, æртæ æмæ уымæй дæр фылдæр хатт) чи дæтты, уыцы адæм. Туг æмæ йæ компоненттæ дæттыны фарста у тынг ахсджиаг, канд æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазæн нæ, фæлæ æппæт паддзахадæн дæр. Уыцы фарста паддзахад куыд лыг кæна, уымæй бирæ аразгæ уыдзæн, адæммæ куыд хæццæ кæндзæн бæрзонд технологитыл арæзт медицинон æххуыс, уый. Медицинæйы ахæм къабаз нæй, æмæ рынчыны йæ низæй аирвæзын кæныны тыххæй тугдæтджыты æххуысæй чи нæ пайда кæна. Сбæрæг ахæм хъуыддаг: рынчындоны уавæртæ цас хуыздæр уой, цас фылдæр пайда кæна дзæбæх кæныны нырыккондæр мадзæлттæй, уый бæрц æй рынчынты дзæбæх кæныны куысты фылдæр бахъæуы туг. Зæгъæм, æрвылаз вазыгджын операцитæ цы рынчындоны кæнынц, уым рынчыны алы бынатæн дæр афæдзмæ хардзгонд цæуы туг дыууæ литрæй фылдæр, гематологон, ома, туджы низтæ кæм дзæбæх кæнынц, ахæм рынчындæтты афæдзмæ рынчыны иу бынатæн хардзгонд æрцæуы фондз литрмæ хæстæг, зæрдæйыл операцитæ кæм кæнынц, уым та – 12-15 литры.

Туг иу адæймагæй иннæмæ бауадзыны æмæ уымæй рынчыны йæ низæй аирвæзын кæныны фæрæзæй чи нæ пайда кæны, ахæм медицинон къабаз ныртæккæ зын ссарæн у. Ис ахæм бæлвырд фæтк: рынчындон цас нырыккондæр у æмæ дзы цы медицинон гæнæнтæ æмæ фæрæзтæй пайда кæнынц, уыдон дæр цас нырыккондæр сты, уыйбæрц домынц фылдæр туг рынчынты дзæбæх кæнынæн. Рынчындæттæтугæмæтуджы компоненттæй хъуаг цæмæй ма æййафой, уый тыххæй хъуамæ алы 40-60-æм адæймаг дæр уа тугдæттæг. Хъуыддаг афтæ æвæрд у æппæт раззагдæр бæстæты. Рæстæгæй-рæстæгмæ туг дæттын нымад у хорз фæткыл, хæрзæгъдаудзинадыл.

Уæрæсейы, йæ туг раттынмæ цæттæ чи у, ахæм адæймæгты нымæц афтæ бирæ кæд нæу, уæддæр а фæстаг рæстæг фылдæр кæнын райдыдта. Хъуыддаг уый мидæг нæй, æмæ адæм тæрсынц судзинæй кæнæ урсхалатджынтæй. Хъуыддаг у сагъæссагдæр – фæлмæнзæрдæ адæймæгтæ, хъыгагæн, бирæ нæй. Искæмæн батæригъæд кæнын, йæ хъуыддаг ын саразын, баххуыс ын кæнын, дæ хорздзинад дын ницы пайда æрхæсдзæн, ууыл нæ хъуыды кæнгæйæ, – ахæм хорздзинад ракæнынмæ алчи цæттæ нæу.

Уымæ гæсгæ, Тугдæттæджы дунеон бон Æнæниздзинад хъахъхъæнынады дунеон организаци сиды алы адæймагмæ дæр – разынут фæлмæнзæрдæдæр æмæ, уе 'ххуысмæ æнхъæлмæ чи кæсы, уыцы рынчынæн баххуыс кæнут. Иунæг рынчынæн уæддæр баххуыс кæнын – уый алкæй бон дæр у.

Туг раттыны фæнд чи скæна, уымæн йæ бон у æрбацæуын Тугдæттыны республикон станцæмæ (Дзæуджыхъæу, Барбашовы уынг, 37-æм хæдзар).



**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

# Æнæмæлгæ полкъ





ГÆЗЗАТЫ Иракли



ГÆЗЗАТЫ Максим



ГÆЗЗАТЫ Михал



УАНИТЫ Мæирбег



УАНИТЫ Солтанбег



ЦÆЛЛАГТЫ Хъасболат



ДЕГЪУАТЫ Уырысби



ГУТНАТЫ Солтан



ФÆРНИАТЫ Саулох



ФÆРНИАТЫ Дзатте



ФÆРНИАТЫ Бесагъуыр



КУЧИТЫ Георги

Уæлахизы бонмæ

# Фидараты хæстонтæ

**Кæддæр, майы уæззау тохы бонты, нæ адæммæ æрцыди Уæлахиз. Циндзинад ивылди дæрдтыл, фæлæ цы бирæ уыдысты, ирон зæхх фенынмæ бæлгæйæ, йæ адзал чи ссардта, уыцы хъæбатыртæ. Мæлæты дымгæ сæдæ æвзагæй куы ныхситт кодта, уæд туджы зæйы лæсæнтæ анхъæвзтой нæ Райгуырæн зæххыл.**

Знаг хотыхджын уыд æмæ уыдоныл йæ зæрдæ дардта. Фæлæ йын йæ тых басаста советон салдат. Стырæй-чысылæй нæ бæстæйы цæрджытæ сыстадысты цыфыддæр знаджы ныхмæ. Ирыстоны алы хæдзарæй дæр араст кодта хæстхъом фæсивæд, фæлæ дзы хæст бирæты нæмгуытау байуæрста алы фронтты быдырты. Чи æрыздæхт, уыдон та дудгæ хъæдгæмттимæ, хæствæлладæй дарддæр архайдтой пырх бæстæ йæ къæхтыл слæууын кæныныл. Уыдонæй уыдысты Быдыры Дæргъæвсы Фидараты Боцайы фырттæ Петя æмæ Барис дæр. Цы хæстарыд фæндæгтыл рацыдысты, уыдон сын сæ зæрдæтæ æмæ удты


ФИДАРАТЫ Барис


ФИДАРАТЫ Петр


ФИДАРАТЫ-ТМЕНАТЫ Клавдия

арф ностæ ныууагътой, нæ бæстæйы æфсæддон намысы историйы та сæ нæмттæ кад æмæ радимæ фыст æрцыдысты. Æз сын сæ царды хабæрттæ бæлвырд нæ зыдтон, фæлæ Петяйы фырт Руслан æрбацыд «Рæстдзинад»-мæ æмæ æрбахаста йæ кадджын фыд æмæ фыдыфсымæры бирæ хæрзиуджытæ: майдантæ, ордентæ, Сталин æмæ Жуковы номæй арфæйы гæххæттытæ. Документтæ рæстæгимæ сбур сты, бирæтæн дзы сæ фыстытыл, цыма хæрæмигъ æрбадтис, афтæ ма тыххæй ранæй-рæтты дамгъæтæ зынынц. Æз сæ арæхстгай фæлдæхтон æмæ кастæн хæстонты хабæрттæ.

Æрыгон фæлтæрмæ уыцы рæстæджы бирæ рæсугъд фæндтæ æмæ бæллицтæ уыдис, фæлæ сын сæ аскъуыдта хæст. Ралæууыд лæгæвзарæн дуг, кæнæ цард, кæнæ – мæлæт, ахæм карз уавæр сæвзæрдис уæд адæмы зæрдæты. Петя æмæ Барис хæсты бирæ диссæгтæ бавзæрстой, Уæлахиз хæстæгдæр кæнгæйæ, сæ цардыл нæ ауæрдгæйæ, æххæст кодтой се ‘фсæддон хæс.

– Мæ фыдмæ дæр æфсæддон комиссарад фæсидтис, æмæ 1941 азы ацыд тохы быдырмæ. Уыдис НКВД-йы 67-æм хицæн батальоны рæнхъыты, архайдта Кавказ немыцаг фашисттæй бахъахъхъæныны тохы, Украинаг фронты, Хъырымы Керчы æрдæгсакъадахыл тохы уæззау цæфтæ фæцис. Хæстæй æрыздæхт 1947 азы бирæ хæрзиуджытимæ. Бакодта бинонты хъуыддаг, йæ цард сбаста Тменаты Клавдияимæ. Рухс дунемæ сын рацыд фондз сывæллоны, фæлæ дзы дыууæйæ хæрз чысылтæй амардысты. Иннæтæ, Руслан, Аслæнбег æмæ Светланæ бахъомыл сты. Мæ фыд куыста, хъæуы нæ фарсмæ цы хуыйæн цех байгом, уый арæзтады, фæллой кодта колхозы дæр. Мах, Петяйы цот, нæ фыдæй хъæр ныхас, къухы цæф нæ зонæм. Хæсты карздзинад чи бавзæрста, уыцы лæджы зæрдæ æппындæр нæ фæхъæбæр. Агуырдтой йæ хъæуы æхсæны æппæт хабæрттæм дæр. Къухæй та цы нæ хæдзары дзаума арæзта, ахæм нæ уыд, суанг ма-иу къахыдарæс дæр сцалцæг кодта. Петя йæ цардæй ахицæн 1993 азы 86-аздзыдæй. Хæсты архайæг уыдис мæ мад Клавдия дæр. Куыста совхозы бригадирæй, уыд Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæсчъылдымы ветеран. Хæсты фæстæ куыста совхоз «Землероб»-ы звеноводæй, стæй 1970 азты та хуыйæгæй нæ хъæуы цехы, цалынмæ йæ нæ сæхгæдтой, уæдмæ.

Клавдия хорзæхджын æрцыд бирæ майдантæй, уыдонимæ – «За доблестный труд в Великой Отечественной войне 1941-1945 гг» æмæ «Медаль материнства»-йæ, – дзырдта Руслан.

Иннæ æфсымæр Барисы тыххæй та мын телефонæй йæ чызг Ивæ радзырдта:

– Мæ фыд хæсты размæ куыста Дæргъæвсы колхозы сæрдарæй, бухгалтерæй. Бинойнагæн æрхаста Цъæхилты Соняйы. Хъомыл кодтой фондз сывæллоны. Хæстмæ куы ацыд, уæд уыдис сапер, æмæ диссаг у, ахæм тæссаг куыст кæнгæйæ, цардæгасæй куыд баззад, уый. Дзырдта нын, Берлины рейхстаджы сæрмæ советон салдæттæ сæ тырыса куы сагътой, уæд, уыцы къорды кæй уыд, уый тыххæй.

Берлинæй фæстæмæ здæхгæйæ, йе ‘мбæлттимæ Белоруссийы хъæды цъымарайы ныххаудысты æмæ æнæхъæн æхсæв баззадысты уазал ламидоны. Куы сæ бафиппайдтой, уæд сæ аирвæзын кодтой, госпитæлмæ сæ аластой. Фæлæ мæ фыды уазал афтæ тынг бацыд, æмæ доннизæй фæрынчын.

Æрыздæхт нæхимæ 1945 азы, йе ‘нæниздзинад хъыгдард, афтæмæй. Æртæ азы фæхъизæмар кодта æмæ йæ цардæй 1948 азы ахицæн, – дзырдта Барисы чызг Ивæ.

Фидараты Петя æмæ Барисы бирæ хæрзиуджытæ æмæ арфæйы гæххæттытæ та абон сæ кæстæртæн хъæбатырдзинады æвдисæн сты, сæ кадджын хистæртæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ирон лæджы ном сæрыстырæй кæй фæхастой, уымæн.

Ацы æфсымæртæн сæ бинойнæгтæ дæр Уæлахизы боны сæрвæлтау хъардтой се ‘рыгон удтæ. Хæсты цæхæры сæ сæрыхицæуттæ уыдысты, фæлæ бомбæты рæмыгъдтытæ æмæ немыцаг салдæтты æфхæрдæй нæ аирвæзтысты, фæсчъылдымы чи уыд, уыцы адæм дæр. Уæддæр фашисттæн тыхджын ныхкъуырд лæвæрдтой советон æфсæддонтæ. Клавдия æмæ Соня дæр къахтой акъоппытæ, архайдтой, кæдæм сæм-иу фæдзырдтой æххуысмæ, уыцы æппæт куыстыты. Сæ фыдæбонæн сын аргъ скодта Советон бæстæ. Хорзæхджын æрцыдысты бирæ майдантæй.



Цымыдисаг у Клавдияйы хъысмæт. Уый тыххæй газет «Дигорæ» бæстон ныффыста. Украинаг поэт Алексей Максименко йæ рæстæджы цы æмдзæвгæты æмбырдгонд рауагъта, уымæн йæ фылдæр хайы ары Быдыры Дæргъæвсы цæрæг Тменаты Дайы (Дауыты) бинонты, сæ чызг Клавдияйы ном. Знаг бырста Кавказмæ. Карз хæст цыдис Цæгат Ирыстоны Алагир æмæ Æрæфы районты. Советон салдат, 19-аздзыд Алексей Максименко уæззау цæфтæ фæцис, хæстæг госпитæль кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ цæф салдаты сæ хæдзармæ бахастой Тменаты бинонтæ. Мад Надеждæйæн йæхи дыууæ æфсымæры йæ цæстытыл ауадысты, кæд, мыййаг, уыдон дæр искæм... Уыдон дæр фронты уыдысты. Æрыгон хæстоны фæлурс цæсгоммæ кæсгæйæ, сæ чызг Клавдия куыдта æмæ йын ныфсытæ æвæрдта, мах дæ адзæбæх кæндзыстæм, зæгъгæ. Зылдысты йæм, йæ хъæдгæмттæ йын алы хосгæнæн кæрдæджытæй дзæбæх кодтой. Зæрдæхæлар бинонтæ æхсæвæй-бонæй цæф салдаты цурæй нæ цыдысты. Цастæ æххуыс ын уыдысты кæрдæджытæ, фæлæ бинонты лæгъз дзырд æмæ фæлмæн цæстæнгас Алексейæн æвдадзы хос уыдысты. Йæ къæхтыл куы æрлæууыд, уæддæр нырма лæмæгъ уыд, фæлæ йын хъæуы фæстиат кæнæн нал уыд. Алексей тынг бузныг уыд Тменатæй, загъта сын, кæй никуы сæ ферох кæндзæн. Алексей Максименко ацыд йе ‘мбæлтты агурæг дарддæр фронтмæ. Бирæ азты дæргъы дзы хабар нæ уыд, цалынмæ, хæсты фæстæ фондз æмæ ссæдз азы куы рацыд, уæд Фидаратæм постхæссæг фыстæг не ‘рбахаста, уæдмæ.

Клавдия чындзы æрцыд Боцайы хæдзармæ Петяйы номыл. Постхæссæгмæ Клавдия ракаст, æмæ йын уый радзырдта, Киевæй Дæргъæвсы постмæ фыстæг кæй æрбацыд æмæ автор куыд куырдта, цæмæй йын фехъусын кæной Тменаты бинонты хъысмæты тыххæй. Клавдия фыстæг фырдиссагæй йæ сæрыхицау Петямæ бадавта, æмæ уый дæр бацин кодта, æгайтма Алексей æгасæй баззад, зæгъгæ. Уый Клавдияйы йæ хо рахуыдта, æмæ сæ дыууæйæн дæр, цалынмæ цардæгас уыдысты, уæдмæ кæнгæ хо æмæ æфсымæры ахастдзинæдтæ уыд се ‘хсæн. Алексей Максименко каст фæци Киевы университеты филологон факультет, сси Украинæйы Фысджыты цæдисы уæнг дæр. Йæ иу æмдзæвгæ «Æрима дон»-ы фыссæг мысы хæсты уæззау цаутæ, ирон бинонтæ йæ мæлæты дзæмбытæй куыд байстой, уый тыххæй:

*«Затихла канонада,*
*В аулы возвратилась тишина.*
*И наклонилась надо мной она*
*Горянкой юной, с*
*милосердным взглядом.*
*Сквозь дымку расстоянья,*
*Сквозь вереницы отлетевших*
*лет*
*Ищу и окликаю тот рассвет,*
*И шлю Осетии в любви*
*признанье!»*

– Мæ хоимæ бабæрæг кодтам Киевы Алексейы. Тынг хорз нæ суазæг кодта, фæкодта нын йæ хæстон фæндæгты хабæрттæ, – дзырдта Руслан.

Русланы бинойнаг Хъантемыраты Зæлинæ та, йæ хицау Петяйы мысгæйæ, афтæ загъта:

– Æз ма æнахъом уыдтæн, уæдæй хъуыды кодтон Фидараты хæстонты. Раздæр бирæ хистæртæ уыдис хъæуы: Базраты Виктор, Хъуыдакаты Петка, Фидараты Измаил, Петя æмæ Зауырбег. Уынджы-иу куы æрбамбырд сты, уæд сæм-иу мах, сывæллæттæ, цымыдисæй кастыстæм, куыд уæздан æмæ хæларзæрдæ уыдысты, уый зæрдæйæ æнкъардтам, – дзырдта Зæлинæ.

Хæст фæцис, бирæ азтæ рацыд, фæлæ та фæстæмæ райдыдта Украинæйы зæххыл. Уæд, 1941-1945 азты, советон салдæттæ цæмæй уыдысты æнхъæл, залиаг калмы кæронмæ нæ ныххурх кодтой, уымæн. Сдардта та йæ сæр æмæ тугуарæн кæны адæмыл. Атындзыдтой та нæ лæппутæ уырдæм дæр.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Рохæн æвгъау нæмттæ

# Курдиатджын æмæ цæстуарзон

## *Котолиты Марияйы райгуырды 95 азы бонмæ*

**Нæ бæстæ æмæ Ирыстоны оперон аивад æмæ суинаг профессион зарæггæнджыты сфæлдыстадон фæлтæртæ цæттæ кæныны хъуыддаджы зæрдиаг архайд æмæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон курдиатæй йæ ном арфæйагæй кæмæн мысынц, нæ культурæйы уыцы зынгæ архайджытæй иу уыд, ЦИАССР-йы адæмон æмæ УСФСР-йы сгуыхт артисткæ Котолиты Мария.**

Фидæны оперон зарæггæнæг райгуырд 1931 азы 24 апрелы Ногиры. Ам ахуыр кодта астæуккаг скъолайы, афтæмæй сæрды йæ ахуырæй уæгъд рæстæг йæ мадæн æххуыс кодта бынæттон колхозы нартхор рувгæйæ. Улæфты рæстæг-иу колхозонтæ, арæхдæр нæлгоймæгтæ, сихор скæныны фæстæ сæ фæлладуадзгæйæ, сатæг ран æрбамбырд сты æмæ-иу ирон адæмон зарджытæ кодтой. Мария сæм-иу хъусынæй не ‘фсæст. Куыд зарынц, уый фæзмыныл йæхæдæг дæр фæлвæрдта. Ахæм сусæг фæлварæнты рæстæг æй иуахæмы федта зындгонд ахуыргонд Джиоты Хазби. Йæ зæрдæмæ тынг фæцыд Марияйы зард, æмæ йын загъта, цæмæй ахуыр кæнынмæ бацæуа Дзæуджыхъæуы Музыкалон училищæмæ. Йæ фæндыл Мария сразы æмæ бацыд Музыкалон училищæмæ. Йæ разамынд ын загътой, фæлварæнтæ кæй фесты, фæлæ йын уæддæр йæ хъæлæсмæ байхъуыстой. Уæдмæ музыкæйыл профессион æгъдауæй нæ ахуыр кодта. Нотæтæ раст нæ ахсы дæ хъус, зæгъгæ, йæ фæстæмæ рарвыстой. Уырыссагау та, «нет у тебя слуха», уыцы хатдзæгимæ.

Æрыгон чызджы тынг фæндыд зарæггæнæгыл сахуыр кæнын. Æмæ, слух цы у, уыцы фарстимæ ныццыд йæ мадыхо, Социалистон Фæллойы Хъæбатыр Бититы Евæмæ. Уымæн бамбарын кодта хъуыддаг. Мадыхо Мариямæ лæмбынæг байхъуыста æмæ йын бамбарын кодта, слух цы у, уый. Афтæмæй чызг фæстæмæ цингæнгæ ныццыд музыкалон училищæмæ, слух цы у, уый зонын, зæгъгæ, дзургæ. Уæд æм ногæй ахуыргæнджытæ байхъуыстой. Йæхи зæрдæмæ цы ирон зарæг цæуы, зæгъгæ, йæ уымæй дæр бафарстой. Мария сын азарыд «Тауыче»-йы зарæг. Куы йæ фæци, уæд, чи йæм хъуыста, уыцы ахуыргæнджытæ се ‘ппæт дæр æхсызгонæй нымдзæгъд кодтой. Æнæ фæлварæнтæй йæ райстой ахуырмæ.

Музыкалон училищæйы Марияйæн профессион вокалон аивады сусæгдзинæдтæ амыдта уæды вокалон аивады дæсны ахуыргæнæг Фрида Нусинова. Фидарæй йæ уырныдта, Марияйæ дæсны оперон зарæггæнæг кæй рауайдзæн, уый, æмæ йын йæ зонындзинæдтæй рæдауæй хай кодта кæддæриддæр.

Дыккаг курсы ахуыр кæнгæйæ, Мария горæт Горькийы архайдта астæуккаг профессион ахуыргæнæндæтты студентты ‘хсæн Æппæтуæрæсеон конкурсы. Бацахста дзы æртыккаг бынат.

Училищæйы ахуыр кæнгæйæ ма зарыд Цæгат Ирыстоны Радиойы зарæггæнджыты къорды дæр. Йæ хорз ахуыр æмæ къорды зæрдиаг куыстæн иста стипенди дæр æмæ мызд дæр. Афтæмæй йæхи дарын дæр фæрæзта æмæ йæ ныййарджытæн, хиуæттæн дæр æххуыс кодта.

Училищæйы йæ ахуыр кæронмæ æнтыстджынæй куы фæцæйхæццæ кодта, уæд, куыд дипломон куыст, афтæ азарыд зындгонд композитортæ Римский-Корсаковы оперæ «Царская невеста»-йæ Любашайы ари æмæ Александр Арутюняны «Авдæны зарæг». Фæлварæнты къамисы уæнгтæ йын канд иттæг хорз бæрæггæнæн нæ сæвæрдтой, фæлæ ма йын йæ гæххæттытæ барæвдз кодтой, цæмæй дарддæр уæлдæр профессион ахуырад райса Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл паддзахадон консерваторийы. Ацы зындгонд скъолайы та йæ ахуыргæнæг уыд дæсны зарæггæнæг Елена Кузьмина. Ирон бонзонгæ курдиатджын чызджы йæхи хъæбулы хуызæн бауарзта. Суанг ма йæ-иу йæ фатеры дæр суазæг кодта. Цыбыр рæстæгмæ Марияйы вокалон курдиат æмæ ахуыры æнтыстыты кой хъуысын райдыдтой Ирыстонмæ. Нæ республикæйы уæды хицауад ын снысан кодта Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон стипенди.

Мæскуыйы Петр Чайковскийы номыл паддзахадон консерваторийы йæ ахуыр кæронмæ æнтыстджынæй куы ахицæн кодта, уæд ссыд йæ райгуырæн Ирыстонмæ. Зæрдиагæй архайдта нæ республикæйы культурæ æмæ аивады царды. Уыд Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы симфонион оркестр æмæ Дзæуджыхъæуы Оперæ æмæ балеты паддзахадон театры зарæггæнæг. Архайдта Оперæ æмæ балеты театры æвæрд зындгонд оперæтæ æмæ опереттæты.

Йæ ирд æмæ хæдхуыз вокалон курдиатимæ йын зонгæ уыдысты Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны, Цæгат Кавказ æмæ раздæры Советон Цæдисы горæттæ æмæ хъæуты сæдæгай аивадуарзджытæ. 1960 азы Мæскуыйы уыд ирон аивад æмæ литературæйы стыр декадæ. Уый арæзт æмæ æнтыстмæ дæр Мария бахаста зынгæ æвæрæн. Уыцы аз ын лæвæрд æрцыд Цæгат Ирыстоны АССР-йы адæ-




КОТОЛИТЫ Мария йе ‘мкурсонтимæ

мон артисты кадджын ном. Авд азы фæстæ та ссис УСФСР-йы сгуыхт артисткæ.

– Мæ царды æмæ дæсныйады сæйрагдæр хæсыл нымадтон Ирыстоны адæмæн лæггад кæнын. Мæ удау уарзын мæ фыдæлты зæхх, мæ райгуырæн хъæу Ногиры. Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы оркестримæ, стæй Радиойы хæдзары оркестримæ мæ хъæуы концерттæ арæх лæвæрдтон. Тынг æхсызгонæй мыл-иу æмбæлдысты ногирæгтæ, стæй иннæ хæххон æмæ быдираг хъæуты цæрджытæ, дзæуджыхъæуккаг аивадуарзджытæ æмæ нæ уазджытæ. Нæ мæ рох кæны, консерваторийы ахуыры рæстæг Дзæуджыхъæумæ каникулты æрцыдтæн, æмæ мæ 1957 азы нæ республикæйы обкомæй Хъæбæлоты Билар куы арвыста Заманхъулы хъæуы ног Культурæйы хæдзары байгомы кадæн концерты архайынмæ. Уый уыд мæ фыццаг рахызт сценæмæ, куыд профессион зарæггæнæг. Арæх æрымысын, симфонион оркестры дирижертæ æмæ нæ дæсны зарæггæнджытæй кæимæ куыстон, уыдонæй: Аркадий Брискины, Павел Ядыхы, Павел Панасяны, Гуырдзыбеты Георгийы, Гæбæраты Ильяйы, (йæ романсты фылдæр хай мæ хъæлæсæн фыст уыдысты), Тогойты Таисæйы, Билаонты Долоресы, Лекъты Юрийы... Диссаджы хорз зыдтой сæ куыст æмæ адæмимæ цæрынмæ дæр тынг арæхстысты, – дзырдта нын нæ иу фембæлдтытæй иу рæстæг Мария.

Дæсны зарæггæнæг Котолиты Мария стыр æвæрæн бахаста суинаг зарæггæнджыты цæттæ кæныны арфæйаг хъуыддагмæ. Уыд Дзæуджыхъæуы музыкалон педагогон училищæйы, Культурæйы республикон колледжы ахуыргæнæг, Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты аивæдты факультеты доцент. Йæ бирæвæрсыг сфæлдыстадон курдиатæй кæй фæхайджын кодта, йæ уыцы раздæры ахуыргæнинæгтæ сты, ныр сæ ном нæ бæстæ æмæ Ирыстоны хъуыстгонд кæмæн у, ахæм музыканттæ æмæ зарæггæнджытæ Чысиаты Лейлæ, Нартыхъты Ланæ, Гуыбиаты Эльбрус, Ходы Олег, Тайсауты Валодя, Æгкацаты Аслæнбег, Тимур Барахоев, Тогызты Галинæ, Кочиты Васили, Дзуццаты Сослан, Гусаты Марат, Габанты Марат æмæ Гуыцмæзты Ренат.

Йæ царды фæстаг бонтæм дæр Котолиты Мария кодта рухстауæн куыст. Суинаг зарæггæнджытæн суанг йæ хæдзары дæр арæзта ахуыртæ. Стыр арфæгонд уыд Дзæуджыхъæуы Оперæ æмæ балеты театры аивадон разамонæг Гергиты Ларисæйæ. Уый фæндæй Мария уыд Гергиты Валерийы номыл Аивæдты колледжы вокалон хайады рауагъдонты паддзахадон фæлварæнты къамисы сæрдар.

Зындгонд оперон зарæггæнæг, рухстауæг, æрцыд майдан «Ирыстоны намысæн»-æй хорзæхджын. Котолиты Мария йæ цардæй ахицæн 2019 азы 13 июлы, фæлæ йæ ном æмæ бирæвæрсыг вокалон курдиаты рухсæй цы аивадуарзджытæ, ахуырдзаутæ æмæ æмхъуыдыгæнджыты тавта, уыдонæй рох никуы уыдзæн.

**ГАСАНТЫ Валери**

**Спортивон фидиуæг**



Хъæбысхæст

# Европæйы чемпионат цæуы Албанийы

**Албанийы сæйраг горæт Тиранæйы 20-26 апрелы спортивон хъæбысхæстæй цæудзæн Европæйы чемпионат. Уым Европæйы хуыздæр богæлттæ бæрæггонд цæудзысты – грекъаг-ромаг, сылгоймæгты æмæ уæгъдибар хъæбысхæстæй.**



КÆСÆБИТЫ Алинæ



БАЙАТЫ Давид



ТАНДЕЛАТЫ Аминæ

Фыццаг ерыстæ райдыдтой грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй. Хъæбысхæсты ацы хуызæй уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ иуылдæр сбæрæг уыдзысты 22 апрелы. Уыцы бон ма райдайдзысты ерыстæ сылгоймæгты 'хсæн дæр.

Уæрæсейы сылгоймæгты командæйы рæнхъыты гауызыл сæ дæсныйад цы дæс чызджы 'вдисдзысты, уыдоны 'хсæн сты дыууæ ирон чызг-богалы – Танделаты Аминæ (62 кг) æмæ Кæсæбиты Алинæ (65 кг). Иннæ уæзты Уæрæсейы номæй хæцдзысты: 50 кг – Елизавета Смирнова, 53 кг – Наталья Малышева, 55 кг – Екатерина Вербина, 57 кг – Александра Скиренко, 59 кг – Светлана Липатова, 68 кг – Алина Шевченко, 72 кг – Кристина Братчикова, 76 кг – Валерия Трифонова.

24 апрелы ерыстæ райдайдзысты уæгъдибар хъæбысхæстæй. Уыцы бон Уæрæсейы номæй хæцæг богæлттимæ гауызмæ рацæудзæн дунейы чемпион Байаты Давид. Уый Европæйы чемпион суæвынил ерысы бацæудзæн 70 кг онг уæзы.

Уæгъдибар хъæбысхæстæй уæлахиздзауты нæмттæ сбæрæг уыдзысты 25-26 апрелы.

Бокс

# Рамбылдтой фараст балцæджы

**Ивгъуыд къуыри Стъараполы крайы станицæ Суворовскаяйы боксæй цыдысты Цæгат Кавказы федералон зылды фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ æрыгон (13-14 азы) æмæ фæсивæдон кары (19-22 азы) спортсменты 'хсæн.**

РЦИ-Аланийы боксертæ ерысты рамбылдтой фондз хæрзиуæджы.

Æрыгæтты (13-14 азы онг) ерысты 2-аг бынæттæ рамбылдтой æмæ æвзист майдантæй хорзæхджын систы Куырттаты Сæрмæт (57 кг онг уæзы) æмæ Чсиаты Чермен (90 кг онг), бронзæ майданæй та хорзæхджын ссис Мæргъиты Эдуард (57 кг).

19-22-аздзыд боксерты ерысты 1-аг бынат бацахста Гобеты Артур (80 кг онг уæзы), 2-аг бынатмæ рацыд Гаджиты Олег, 3-аг та ссис Хъараты Георги. Гобеты Артуры бацæттæгæнæг тренер у Цæлойты Георги.



ИЛУРТЫ Давид



ХЪУЫЛАТЫ София

Уыцы бонты ма ирыстойнаг боксертæ æнтыстджынæй сæхи равдыстой Уæрæсейы Хуссар федералон зылды фыццаг бынат бацахсыныл ерысты Волгограды.

Фæсивæд (19-22 азы) кары боксерты ерысты тренер Елойты Аланы хъомылгæнинаг Хъуылаты София рамбылдта сыгъзæрин майдан.

Нæлгоймæгты ерысы сыгъзæрин майданæй хорзæхджын ссис Илурты Давид. Уый 1-аг бынат бацахста, 71 кг онг уæзы тохгæнгæйæ. Давиды ерыстæм бацæттæ кодта тренер Хаситы Дмитри.

Ирыстойнаг боксертæй ма 3-аг бынæттæ бацахстой тренертæ Кокойты Хъазыбег æмæ Игоры хъомылгæнинæгтæ Зæнджиаты Хъазыбег (54 кг онг уæзы) æмæ Цхуырбаты Давид (57 кг онг уæзы).

Дыууæ раны дæр призон бынæттæ бацахсæг боксертæн балцæгтæ лæвæрд уыдзæн Уæрæсейы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæм.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

**Аивад**

# Гастрольты кæрæдзимæ

**22-24 майы Хъырымы Максим Горькийы номыл уырыссаг академион драмон театр Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон театры сценæйы равдисдзæн æртæ мидисджын спектаклы.**

Хъырымаг артисттæ нын кæй равдисдзысты, уыцы спектакльтæ дзурæг сты царды æртæ сæйраг æууæлыл – рæстæгыл, равзæрст фæндагыл æмæ уарзондзинадыл.

Номдзыд уæрæсейаг фыссæг Антон Чехов 1903 азы кæй ныффыста æмæ, абон дæр стыр ахадындзинад кæмæн ис, 22 майы Ирон театры сценæйы ацæудзæн ахæм пьесæ «Вишневый сад»-мæ гæсгæ æвæрд спектакль.

– Рæстæг баст у спектаклы сæйраг архайæгимæ. Царды куыд вæййы, афтæ адæмæй иутæ цин кæуыл фæкæнынц, иннæтæ та – хъыг, спектаклы ныхас цæуы ахæм раивдыл, – зæгъы режиссер-æвæрæг **Анжелика Добрунова**.

Æндæразæй нырмæ Добрунова у хъырымаг театры сæйраг режиссер. Уымæй размæ сылгоймаг куыста театры актрисæ, сценарист æмæ сценографæй.

Адæймагмæ фæдис æмæ узæлды æнкъарæнтæ чи 'взæрын кæны, 23 майы театры сценæйы цæудзæн Алла Новиковайы пьесæмæ гæсгæ æвæрд ахæм спектакль «Стоянка в Нагасаки» (пьесæ фыст у Валентин Пикулы роман «Три возраста Окини-сан»-мæ гæсгæ).

Бирæвæрсыг уацмысæй равзæрстой æппæтæй ахадгæдæр æууæл – 1880 азты уырыссаг денджызон афицер Владимир Коковцев æмæ япойнаг чызг Окини-саны уарзондзинад. Афицер æмæ чызг фембæлдысты япойнаг наулæууæн Нагасакийы. Ссæдз азы фæстæ бацайдагъ сты уырыссаг-япойнаг хæсты рæстæг дыууæ бинойнаджы æнкъарæнтæ раргом уыдзысты.

Спектаклы режиссер-æвæрæг æмæ рæстæмбис кары Владимир Коковцевы ролы хъазы **Сергей Ющук**.

24 майы Ирон театры сценæйыл цæудзæн Ярослав Стельмахы уацмысмæ гæсгæ æвæрд спектакль «Любовь в стиле Барокко».

Сæрибардзинад ныййарæджы бынтæй уæлдæр чи æвæры æмæ, ус ракурын кæй нæ фæнды, спектаклы ныхас цæуы ахæм æрыгон Графыл. Фыды фæдзæхст чи нæ бахæст кодта æмæ афтæмæй æнæзонгæ Оляйы чи нæ ракура, уыцы Граф ныййарæджы хæдзарæй фæиппæрд уыдзæн. Чызг чындзыцыдыл цæмæй ма сразы уа, æрыгон Графы фæнды ууыл æй бафтауын. Ацы фæндæй цы рауайдзæн, театрдзаутæ уый сæхæдæг фендзысты.



– Æстæм майæ дæсæм майы онг Ирон театр йæхи спектакльтæ равдисдзæн хъырымаг театры сценæйы. Гастролон балцы фæрцы нын уыдзæн нæхи сфæлдыстад равдисын æмæ æндæр регионы цардимæ базонгæ уæвыны фадат. Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** указмæ гæсгæ, ацы аз нæ бæстæйы Адæмты иудзинады азыл нымад кæй у, уымæ гæсгæ кæрæдзимæ цæуыны гастрольтæн ис уæлдай стырдæр ахадындзинад. Регионтимæ бастдзинæдтæ аразыныл архайæм. Сфæлдыстадæн территорион арæнтæ нæй, – зæгъы Ирон театры аивадон разамонæг **Уалыты Гиви.**

**Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион театры пресс-службæ**

**Нæ фыдæлты цардæй**

# Калмы фыдæх

**Куыд зæгъынц, афтæмæй уый уыдаид XVI æнусы. Къахеты цæрæг адæмыл сагъуыд стыр залиаг калм æмæ сыл тугуарæн кодта. Бирæтæ схæцыдысты йæ ныхмæ, фæлæ-иу бацарæфтыд сты. Калм цагъта, фосæй, адæмæй-иу кæуыл фæхæст, уыдон се 'ппæты дæр.**

Уæд иу æрыгон лæппу Хошатъи, зæгъгæ, йæхимæ райста калм амарыны хæс. Йæхицæн саразын кодта æртæ метры дæргъæн хъама. Зыдта, калм йæ хуыккоммæ кæуылты 'рбацæуы, уый, æмæ уыцы ран сарæзта хъæдæй нарæг ахизæн, йæхæдæг йæ размæ бабадт.

Калм куы 'рбахæстæг æмæ йæ куы ауыдта, уæд æй расырдта. Хошатъи уыцы нарæг ахизæны фæмидæг æмæ иннæрдыгæй агæпп кодта. Калм дæр йæ фæстæ бæргæ фæмидæг, фæлæ йын æгæр нарæг разынд. Йæ бон нал дæр фæстæмæ, нал дæр размæ абырын бацис. Æмæ йæ уæд Хошатъи йе стыр кардæй лыгтæ кæнын райдыдта æмæ йæ афтæмæй ныммардта. Æцæг йæхæдæг дæр калмы маргæй ныррæсыд æмæ ма тыххæйты бæхы рагъмæ схылди. Цы адæм æрæмбырд, уыдонæн бамбырын кодта, цæмæй, кæм рахауа æмæ амæла, уым æй баныгæной æмæ дзы кувæндон саразой.

Адæм дæр афтæ бакодтой. Уыцы бынаты сарæзтой кувæндон, самадтой дзы мæсыг. Уæдæй абонмæ йæм æрвылаз 21 сентябры цæуынц кувынмæ, вæййы дзы фынгтæ, хъаст. Дзуары ном хуыйны Хвтисшобели. Тæлмац кæны Хуыцауы ныййарæг. Æз дæр ма йæ хорз хъуыды кæнын. Бæстыхай у аргъуаны хуызы арæзт, мидæгæй йæ къултыл ис зæдты нывтæ.

Уый фæстæ уыцы бынат схуыдтой – Хошатъан. Уым XX æнусы райдайæны æрцардысты ирон адæм, фæлæ хъæуы ном абон дæр нæ фесæфт, хуыйны – Хошатъан.

Хистæр кары адæм куыд дзырдтой, афтæмæй 1950 азты уырдæм æрцыдысты тбилисаг историктæ æмæ археологтæ. Хошатъийы стæгдар скъахтой æмæ йæ аластой историон рæстдзинад сбæлвырд кæныны тыххæй.

# Йæ фарсæй фæци...

**Лалытæй иу, Серги, фос хызта сæрвæты. Йæ рæзты лекъаг рацæйцыд бæхыл æмæ, Сергийы æрмæст лæдзæгимæ куы федта, уæд йæхинымæр загъта, цы мын ракæндзæн, зæгъгæ.**

**Бацыд æмæ стуртæн сæ нарддæры равзæрста æмæ йæ фæтæры. Уый афтæ æнхъæлдта, гуырдзыйы фос-иу куыд ратæлæт кодтой, афтæ йын рауайдзæн ныр дæр. Фæлæ Серги лæдзæгимæ йæ размæ æрлæууыд. Лекъаг бæхæй æргæпп кодта æмæ йæ хъама фелвæста, фæлæ дзы Серги нæ фæтарст.**

**Дард фæхаста йæ лæдзæг æмæ дзы лекъаджы цонджы хъул ныххафт кодта. Уымæн йæ хъама иуварс атахт. Йе 'муд нæма 'рцыд, афтæмæй та йæ сæрыл дыккаг цæф сæмбæлд. Серги лæджы уым æрдæгмардæй ныууагъта, йæхæдæг ын йæ бæхыл бабадт æмæ йæ фос хъæумæ æртардта.**

# Абырджытæ дæр алыхуызон уыдысты

**Советон дуджы 60-æм азты æнæхъæн Къахеты цæрджытæ æмризæджы рызтысты Понайы хъæуккаг абырæг Викторæй. Уый канд Къахеты цæрджытæ нæ зыдтой, фæлæ йын бирæ хæлæрттæ уыд Гуырдзыстоны, стæй Дагъистан æмæ Азербайджаны дæр.**

Виктор кæд райдианы рæстдзинадыл тох кодта, хицауады ныхмæ дзырдта, мæгуыртæн æххуыс кодта, уæддæр фæстагмæ сæнамонд ис. Нал æвзæрста раст æмæ зылын. Æфхæрдта, йæ къухы-иу чи бахауд, уыдоны. Давта, мардта, сылгоймæгты æфхæрдта. Нæ ауæрста йæхи бинонтыл дæр. Йæ фæдыл рагæй зылдысты милицæ, фæлæ сæ къухы не 'фтыд, йæ сæрыл ын снысан кодтой стыр æхцатæ дæр.

Иухатт чидæр хæрзгæнæг фæци милицæмæ, Викторы сæ хæдзармæ бацæуæгæ федтон, зæгъгæ. Уайтагъд хæдзары алыварс æрхъула кодтой милицæ. Райдыдтой агурын, фæлæ та, æрвылхаттау, зæххы скъуыды ныххауæгау фесæфт.

Уæд чидæр сусæгæй ацамыдта Викторы æмбæхсæн бынатмæ, кæцæй йæ базыдта, уый нал рабæрæг. Уый фæстæ куыд базыдтой, афтæмæй уый раздæр уыцы бынаты самадта дывæлдах къул æмæ-иу бахъуаджы сахат уым бамбæхст. Куы нæ сын æй бацамыдтаиккой, уæд æй никуы ссардтаиккой.

Æвæццæгæн дзы бинонтæ дæр нал фæрæзтой, æдзух дзы се уонджы тас уыд, æмæ йæ милицæйы къухмæ раттой. Куыд зæгъынц, афтæмæй йæ Калачы ахæстонмæ аластой, æмæ уыйадыл фесæфт, йæ кой дæр никуыцæй уал райхъуыст.

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ



До

После

РАБОТАЕМ КРУГЛЫЙ ГОД

MurVad production

MURVAD – СОВРЕМЕННОЕ РЕШЕНИЕ ДЛЯ ОБЛИЦОВКИ ДОМОВ, ФАСАДОВ И ИНТЕРЬЕРОВ

Гибкий кирпич MurVad – это стильный и практичный материал для тех, кто хочет получить эффект дорогой отделки БЕЗ ЛИШНИХ ЗАТРАТ И СЛОЖНОГО МОНТАЖА.

Почему выбирают Murvad:
- Собственное производство в РСО–А
- Запатентованная продукция
- Реалистичная текстура кирпича
- Легкий монтаж без специального инструмента
- Морозо- и влагостойкость
- Подходит для фасадов, заборов, балконов и интерьеров
- Не выгорает на солнце
- Экономия на отделке при премиальном внешнем виде

ДОСТАВКА ПО ВСЕЙ РОССИИ
В наличии видеоинструкция по установке
Адрес производства: РСО–Алания, с. Михайловское, ул. Безымянных Героев, 20
Консультация и расчет – бесплатно
Пишите в Direct или WhatsApp для заказа и консультации
8-928-857-05-59, 8-938-886-44-55
WhatsApp: wa.me/+79288570559.



Принимаем заказы на весну – оформите заказ сейчас, чтобы не ждать изготовления и приступить к монтажу сразу с наступлением сезона.

MurVad – стиль, который служит годами

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Фамильный совет Слановых и Хугаевых объявляет о проведении РЕСПУБЛИКАНСКОГО ТУРНИРА ПО ФУТБОЛУ среди юношеских команд, посвященный памяти погибших в ходе СВО бойцов из фамилий Хугаевых и Слановых. Открытие турнира состоится 13 мая в 9:00 ч. на ст. «Юность» (г. Владикавказ).**

**Продаем лучшее удобрение для земли – конский перегной, в мешках. Доставка. Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**

**Сезонная, омолаживающая, формирующая и санитарная обрезка всех плодовых культур. Консультации по внесению конского перегноя. Работает профессионал! Тел.: 8-928-856-90-89; 8-928-956-90-83 (Руслан).**



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Рæмонты Алинæ;**
2-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
3-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2767. Заказ № 414. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**